# ÀTTE N° 2025-15 ÑEEL JOTEEFU XIBAAR CI SENEGAAL

## Doxalinu àtteb joteefug xibaar

Téereb poos ñeel maxejj bi, Féwiryee 2026

ARTICLE 19 ag kurél la gu teew ci réew yu wuute te ajuwul ci benn góornama, di xalaat ak a jëf ngir siiwal péexte maxejj yi ci wax seen xalaat ak jot xibaar te fexe itam ba ñu xam ñoom ñépp ne seen kàddu mooy seen doole, man a wax seen xalaat te dara du leen ci fekk, waaye itam kenn ku nekk ci ñoom man a amal njariñ sa askan te mu wóor ko ne kenn du ko boddi. Ñun ak kurél yi ñu lëkkëlóol ci liggéey bi, ñoo ngi amal ay gëstu yu xóot ak ay caytu ci wàllu yoon ak ci wàllu politig ngir andi coppite ci àddina si, di teg ay jéego yu leer ngir gën a jàppale ak gën a yokk man-manu jëfkat yi gën a raññeeku te teewal ñu ci diiwaan yi ci àddina si rawatina yi ci Afrig Sowu jant. Ñoo ngi soññ askan wi ngir àndi coppite, ñoo ngi xiirtal kurél gi ci àddina si di xeex ngir doomi aadama yi am péexte wax sa xalaat ci mbeeste. Ngir man a taxawal bile naal, ci juróomi ponk yu ëpp solo yii la ñuy liggéey : siiwal moom-sa-boppug këri taskatu xibaar yi, yombal jot ci xibaar, aar taskati xibaar yi, yaatal seeni àq te jiital sañ-sañi doomu aadama ci yokkuteg ëtti xarala yi.

senegal.westafrica@article19.org; info@article19.org
www.article19.org; www.article19ao.org
@article19org ; @article19wafric
@article19
facebook.com/article19org ; facebook.com/Article19wafric
**© ARTICLE 19, 2025**

Creative Commons Attribution moo tax liggéey bi jàppandal – Jaayeesu ko – Séddale gi tënku ci anami 4.0 ci turu ARTICLE 19 Senegaal ak Afrig sowu jant. Ku nekk mën na koo roy, séddale ko mbaa sax mu wone ko ngir sàkk ci yeneen ci yii anam : 1) tudd turu ARTICLE 19 ; 2) bañ a jaay téere bi; 3) siiwal bépp téere buñ u ci sàkkee sukkandiku ci permi bu ni mel. Ngir jot ci permi bi jàng ko bamu jeex, yéral fii : https://creativecommons.org/licenses/by-nc-sa/4.0/

Téere bii ñi ngi ko sàkk ci ndimbalug kurélug mbootaayu xeet giy ñeel yokkute, di PNUD, fii ci Senegaal, ci ab naal « xxxxxxxxxxx ». ARTICLE 19 jël na matuwaayam yépp jci lu jëm ci li ci biir téere bi.

# ÀTTE N° 2025-15 BI JËM CI JOTEEFU XIBAAR CI RÉEWUM SENEGAAL.

## Naka la àtte bi jëm ci joteefu xibaar di doxee ?

### *A. Tënk bi – Lu waral ab àtte jëm ci jot xibaar ?*

## UBBITE

Jot ci xibaar doonul rekk aw sas wu yoon tëral ; **àqu doomu aadama la bu kenn manul a salfaañe** buy soppi jokkoo bi dox diggante maxejj bi ak Nguur gi. Tëral ab àtte bu jëm ci jot xibaar ci réewum Senegaal, mooy tànn ag caytu gu yees, ubbeeku, jub te taxaw ci soxlay askan wi. Du yem rekk ci taskatu xibaar yeek àttekat yi, waaye bile àtte di na andi ay njariñ yu wóor te askan wi man ko umple léeg-léeg ci seen dund bés bu Yàlla sàkk, ba ci ja yi ci gox goxaat yeek barabi liggéeyukaay yu mag yi.

## PONK YI RÀÑÑEEKU TE AM NJARIÑ YI CI ÀTTE BII

Njariñ yi wóor te gën a ràññeeku ci li yoon wax ci jot xibaar :

- **Jumtukaay la bu ñu mën a sukkandiku ngir xeex ger bi** : Su yoon fésalee xibaar yi jëm ci ja yi ñeel nguur gi ak wootey dige yi, di na tax barabi liggéeyukaay yi ci réew mi xam ci yan anam la ñu joxee ab dëalante ngir gën a waajal yiy ñëw. Bile leeraange di na tax a mucc ci bépp xeetu beral loxo te itam di na aar boroom ndombo tànk yu jub yi ci nguur gi.
- **Pexe la mu ñu mën a sukkandiku ngir suqali koom gi : Xibaar yi nguur gi fésal ubbil ko** ñépp seen njëg ci ja bi xayma na ñu ko ci lu toll ci ay miliyaar. Yile xibaar di na tax boroom këri koom yeek barabi liggéeyukaay yu xereñ yi sakk ay xarala ak jëfandaay yu yees, boole ci itam sakk am xëy ak am-am ci réew mi.
- **Warlu la bu ñu ameel bépp maxejj bu doxinu askanam yittéel : Wote rekk doyul.** Il ne suffit pas de voter. Ngir bëgg-bëggu askan wi doon dëgg-dëgg yittéy way politig yi, aji-wote yeek aji-book yi ci diisoo ñeel réew mi seen wareef la ñu jot ci gëstu yi ak bépp tënkub nettali yi dogal yi way politig yiy jël di sukkandiku.
- **Ag fegu la ngir aar àqi doomu aadama bi :** ab pas-pas bu am solo bu ci àtte yu yees yi jëm ci jot xibaar mooy day tere bóom yu doy waar yi doon kumpa. **Amul benn seppi bu nit mën a sukkandiku ngir yiir ag malaanum kumpa li di salfaañee àqi doomu aadama,** jëfi mbugal mbaa

ay bóom yiy am ci xare yi. Naka nóonu, leeraange gi day daldi doon àndandoo bi gën a wóor ngir yoon ak jàmm i askan wi.

## SOLOS TÉERE BI

Téere jàppandal bii nekkul rekk ab tënk ci wàllu yoon, waaye ab **jumtukaay la buy tinki askan wi.** Ndaxte ab àtte, lu mu baax baax, njariñam du bare filéeg fexe wuñ ba mu jàppandal ngir askan wi mbaa génne ko ci sàqi téere yi ba du yem rekk ci ñi seen xam-xam màcc ci wàll woowu. Fii ci Senegaal, yammoog weeru feewaryee 2026, yittéy téere bi mooy fexe ba xam-xamu àtte bii jàppandal ngir askan wi. Di na tax maxejj bu nekk, moo xam fu am njàngam toll, mën a xam ci lu wóor naka lay laajeeb xibaar, lu tax mu war koo laaj ak lu mu ko mën a jural ciy njariñ. Ginnaaw bi mu fexee ba àtte bi leer ci bopp ñépp te itam ñu di ko jëfee, téere bii day tax doomi réewum Senegaal gën a mën a diisóog caytu gi ba mujjee doon ay jëfkat yuy bàyyi xel lool yokkuteg seen koomu réew.

KËMBU TÉERE BI

In Ubbite……………………………………..…………………………………. 4

Fànn yi rànneeku te yitteelu ci yoon wile…………………………………………..4

Solos téere bi………………………………………………………………….5

Ndax mënees na ñu topp yoriinu laajam ci joteefu xibaar yi ? waaw, mën na nekk, ndax yoon wi bàyyi na xel ni laaj wu nekk dees koy rënk saa su nu ko jébbalee te dina ñu jox ab këyitu firnde kiy laaj. Laajkat bi mën na kon wone këyitu firnde bi ngir topp aw laajam

Waaw, mën na nekk. Waaye, ndogal 26 u yoon wi wañ na loxo ki warlook ndogal li mu àddu ci li waral ñu bañ walla ñu wacc laaj wi. Benn wacc wu ñu layalul ci lu yoon nangu man na jur ay daan. Ndogal li wax na it ne su weesoo fukkifan ak juróom te laajum xibaar bi amul tontu, laajkat bi mën na jàpp ni wacc  na ñu laajam wa.

Ay laaj yu am njariñ

1....Ci yan anam la bànqaasam mën a waxee ne kii bokk na CONAI ? waaw, Njiit li ak ñi ci kuréel gi da ñu war a matal ponk yi yoon sàkku : (i) nekk doomu réewu Senegaal - (2) am njariñ ak jaar-jaar (3) nekk ku jub (4) nekk ku ñu xañul ay sañ-sañam ci askan wi ak ci làngug politig gi jaaree ci ndogal gu jóge ci yoon (5) mën a sàmm kàddu yiy tukkee ci barabu liggéey, sutura ak kumpa ak sàrti CONAI yi bés bu ñu la tabbee………………………………………………17

2.Ndax sa bànqaas tànn la doŋŋ doy na ngir bokk ci CONAI ? déedéet, nit yi ñu tànn Njiitu réew mi dafa leen a war a tabb……………………………………………………….17

3....Ku nar a jiite CONAI ? Yoon wax na ni Njiitu réew mi moo war a tàbb njiitu CONAI. Kookii war na matal ponk yi ñu sàkku ci képp ku bokk kuréel gi……………………………..17

4.Jigéen ñi ak ndaw ñi ndax dina ñu am ku leen di teewal ca ña bokk CONAI ? yoon sàkkuwu ko. Terewul, dina am solo lool ñu jëmmal tolloo góor ak jigéen ci ni ñuy doxalee tànneef gi ak tabb bi……………………………………………………………………………….17

5...... Ñi bokk CONAI ndax mënees na èu leen a wuutu ? Waaw. Ei bokk ci kuréel gi dañu leen di tabb ci diirub ñetti at, ñu mën ko yeesal benn yoon. Yoon bàyyi na xel ne Mën na ñu leen a wuutu laata àpp gi di mat ci yenn fànn yi…………………………………………………17

6.... Ndax CONAI di na am ci sunuy diwaan ? waaw. Mën na nekk. Bàyyi na ñu xel CONAI mën a am ay ndaw yuy jottali ci diwaan yi walla tabb ñu ko teewal ci biir diwaan yi……………..17

Seetlu : taataan xalaatu CONAI laata ñuy sàkku yoon wareef la ci bépp lëj-lëj. Loolu li muy tekki mooy benn booleb ki yoon tënk ndax wacc walla mbañ ci kanamu yoon, yoon woowee du ko ko nangul fileeg kiy laaj jotulwoon a wax ak CONAI laata mu fay agsi……………………………20

Seetlu : daan yi mën a am ci ñaareelu mbir mi mën na ñu yóbbu ci ñu téye xibaar bi ngir bañ ay fayentoo su fekkee ne ay xel ñaar dafa am ci  ne xibaar bi war na bir am déet.troduction........... 21

# Nànd yoon ci juróom ñeenti (9) poñ.

Yoon leeral na mbooleem xibaar yu kenn seggagul ñu mën ko biral ak xibaar bi ñu mën a biral. Xibaar bi ñu mën a biral mooy yi bàyyeekoo ci ñi yoon tënk walla ñu yor ko, ak nu mu mën a mel ak fu mu mën a jokku. Su ñu sukkandikoo ci 4i ndogalu Yoon, mën na ñu feeñoo nii :

- **Ay ndefka**
  - xibaar ak limbare yi
  - Limtu, loy
  - Nataal (imaas/ rëdd)
  - Poortale
  - Wàlli ndéggat ak nataal
- **Ay ndefu**
  - Kërale
  - Xëti sukkandikukaay
  - Xibaari ndollent
  - Gëstu

- Mbébeti Ngomblaan gi ak nguur gi
- Ndogalu yoon

- **Ay jokkukaay**
  - Këyit
  - Mbéj-féppel  ak ñoom seen
  - Xibaar bu jokkuwul fenn

## 2. NDAX ÀTTE BI ÑEEL JOTEEFU XIBAAR AM NA FUMU YEM ?

Waaw, neexul a wax ndax jot ci xibaar du àq bu ñu nàngul doomi aadama yépp. Àtte bi da fa sóoraale ñaari yemu : wa ilaa da fa tere fésal yenn xibaar yi te caaxaanu ci, mbaa jot ci xibaar bi mu nangul ko ñenn ci nit ñi.

### 2.1. Wàll yi àtte bi seppi : àtte bi leeral na ñetti xeetu xibaar yu ñu mënul a siiwal :

- **Mbir yi bokk ci xibaar te malaanum kumpa yiir leen** maanaam kumpa gu jëm ci : - kaaraangeg réew mi **–** luññutu bi – tegtalub àtte – féncub atte mbaa ay kilifa yu bokk ci baatu doxal rawatina ci nguur gi – diggante layookat ak jëndaakonam – bu laale ci wér gu yaram – bu ñeel mbirum defaruwaay, maanaam isin, wàlla njaay ak njënd – gépp geneen kumpa gu ab àtte yiir malaan.

> **Ndax loolu day tekki ne maxejj yi amu ñu sañ-sañ jot ci benn xibaar bu bokk ci yii bàqaas ?**
> Déedéet. Ndaxte, àtte bi ci mbir yi bokk ci xibaar yi kumpa yiir lay àddu waaye waxul xibaar yépp yi bokk ci bàqaas bi. Ki yor ab xibbar war ko jox ki ko soxla war naa mën a raññee mbir yi bokk ci xibaar yi te malaanum kumpa yiir leen yi ñu mën a siiwal ak yeneen xibaar yi jàppandal te ñu mënees leen na siiwal.

- **Mbir yi bokk ci xibaar te siiwal leen mën a jur ay loraange ñeel yenn ci njariñi nguur gi** yu mel ni – xaalis bi ak bor bi – kaaraangeg réew mi ak askan wi – doxalinu yoon.
- **Mbir yi bokk ci xibaar te ay àtte ak ay sàrt yu feggu tëral ay anam ngir jot ci.**

## 2.2. Xibaar yi nga xam ne ñi mu soxal kepp a am sañ-sañ jot ci

Àtte bi, ci dog 3 bi, lim na ñetti fànn yi nga xam ne mënees naa siiwal xibaar yi ñeel jaambur waaye ci ñi mu soxal kepp.

- **Fànn bu jëkk bi** : Su fekkee siiwal xibaar bi mën naa jural ab jaambur loraange, mbaa mu ñeel kumpag wér gu yaram, mbaa mbirum defaruwaay, maanaam isin, wàlla njaay ak njënd.
- **Ñaareelu fànn bi :** Su fekkee wax sa xalaat la wàlla ndogal ñeel ab jaambur te itam ñu mën koo raññee.
- **Ñetteelu fànn bi** : Su fekkee xibaar bi da fa feeñal turu nit te siiwal ko mën koo jural loraange.

> Déedéet. Ndaxte loraange bi ñu tax di wax fii warul a jote daraag nit ku nekkinam dëppóowul ak yoon. Njariñ li gën a kowe ñu war ko jiital su fekkee siiwal yile xibaar moo ëppal askan wi ngañaay ñu di leen denc. Ci misaal, àtte biy aar jéebaanékat yi da leen di kañ ngir ñuy jéebaane yu mel ni ger bu ñu yëg te mu jëm wàllu liggéeyam ndax loraange yi mi jural askan wi moo ëpp fuuf loraangeem yiy bàyyi ko ci li ko yoon di toppee.

## 3. KAN MOO MËN A JËFANDIKOO ÀQU JOT CI XIBAAR ?

Sunu sukkandikoo ci àtte bi, dog 13, ñii rekk ñoo am sañ-sañu jot ci xibaar :

- Bépp doomu Senegaal,
- Bépp doomu aadama [bu doonul doomu Senegaal] bu nekk Senegaal te dëppoo ag yoon,

- Bépp jëmmu mbooloo (këru koom, sosiyete, mbooloo añs.) bu nekk Senegaal te dëppoo ag yoon,

## 4. KAN LA ÑUY LAAJ XIBAAR BI ? – WAY-TËNKU YI

Ñii la àtte bi di woowee « way-tënku » : campeef yi, jëmm yi, liggéeyukaay ak liggéeykati nguur gi ak itam yenn ci këri koom yeek kurél yi ñeel jaambur yi nga xam ne wareef la ci ñoom ñu siiwal xibaar bi ñuy sàkk wàlla bi ñu yor.

« Way-tënku bi » mënees na koo woowee boroom xibaar bi wàlla book ki yor xibaar bi.

### WAY-TËNKU YI AJU CI NGUUR GI

Àtte bi, ca dog ya ko dalee 6 ba 9, lim na leen :

- Bépp campeef bu aju ci nguur gi te ndeyu àttey réew mi jagleel ko ko : Njiitu réew mi - Péncum ndawi réew mi - Góornëmaa bi – Ndajem ndeyu àtte mi – Ëttub Cettantal bi – barabi àttekaay yi,
- Nit ñeek kurél yi dékkare biy séddale liggéey yi aju ci nguur gi, di saytu campeefi nguur gi ak këri koom yi ci réew mi añs. , tudd.
- Bépp liggéeykatu nguur gi,
- Caytu yi ci gox goxaat yi aju ci Nguur gi (mbooloo tund yi) : gox – goxaat,

**Ndax ab maxejj mën naa laaj njiitu goxam ay xibaar yu jëm ci doxalinu goxam ?**
Waaw, maxejj bi am na sañ-sañ jot ci xibaar yi ci njiitu goxam. Mën na itam laaj xibaar kii di Njiitu Péncum ndawi réew mi, Kilifag jëwrin yi, Njiitu barabu àttekaay bi ba sax ci di Njiitu réew mi.

### WAY-TËNKU YI ÑEEL JAAMBUR

**Ndax maxejj bi mën naa jot ab xibaar bu jóge ag kurél ci bànqaas bu ñeel jaambur ?**

Waaw, waaye du yépp. Àtte bi, **ci dog 10 wi**, leeral na këri koom yeek kurél yi ñeel jaambur yiy liggéeyal nguur gi wàlla book yiy jot ndimbal gu jóge ci nguur gi boolees na leen ci Way-tënku yi. Wareef la ci ñoom ñu jàppandal xibaar yi ñu yor.

## 5. NAKA LA ÑUY BINDEE AB LAAJ NGIR JOT CI XIBAAR ?

Suñu sukkandikoo **ci dog 14u** àtte bi, bataaxal bi dees koy :

- Bind ci frãse ;
- Leeral ki bind bataaxal te mu soxal ko. Fii dagaankat bi mën naa jëfandikoo xibaar yi nekk ci këyitu jëmmam : sànt, tur, fu mu dëkk ak bépp xibaar bu tax raññee ko mën a yomb ;
- Leeral sa liggéey wàlla sa gëdda ;
- Wax ci lu leer yan mbir nga soxla ci xibaar bi ngay laaj.

**Ndax loolu da fa tekki ne ki mënul a jàng mënul a bind frãse mënul a bind bataaxal kii di ab way-tënku ngir jot ci ab xibaar ?**

Déedéet. Atte bi, ci dog 16 wi, mey na ko mu def ab laaj ci wax. Su ko defee, wareef la ci way-tënku bi mu nàngu laaj bi, bind ko téeréem bi mu ubbi ngir loolu.

Ndax mënees naa topp bataaxal bi ñu bind ngir jot ci xibaar bi ?

Waaw, lu mën a nekk la ndax àtte bi dafa sóoraale ne bépp bataaxal bu ñu bind jëbbal ko boroom day àndag firnde jot gu ñuy jox dagaankat bi. Moom itam day wane firnde job bi ngir ñu toppal ko bataaxal bi.

## 6. NDAX WAY-TËNKU YI AM NAÑ AY WAREEF ?

Waaw, ndax àtte bi sóoraale na ay wareef yu mu jagleel way-tënku bu ne ngir jot ci xibaar yomb.

## JIITU CI SIIWAL XIBAAR BI

Suñu sukkandikoo ci àtte bi, **ci dow 12 wi**, way-tënku bu ne wareef la ci moom muy faral di siiwal (te di ci jiitu) fépp fi muy jëlee xibaar yi mu yor. Warul a xaar kenn di ko laaj, da cee war a jiitu jaarale leen ci :

- Ci bologam
- Ci dalu internetam
- Ci bépp xeetu xaralaam

Way-tënku bi war naa xamle yan jumtukaay lay jëfandikoo ngir maxejj yi man cee sukkandiku jot xibaar yi te laaj du leen ci fekk.

## JËL AY MATUWAAY YUY YOMBAL DOXINU SAÑ-SAÑU JOT CIB XIBAAR

Àtte bi**, ci dog 11 wi, wax** na ne wareef la ci bépp Way-tënku mu teg gën kaa néew lu tollu ci juróom-benni pas-pas ci lu jëkk ngir doxinu  sañ-sañu jot xibaar du am benn gàllankoor :

- Dajale gën kaa gàtt limub ñetti nit ñuy topp aka natt doxinu jot xibaar wi ;
- Tàggat ay liggéeykat ci lu jëm ci sañ-sañu jot xibaar ;
- Toppatoo ca na mu waree këyit yi ñu bind te xaatim leen ;
- Feeñal ci askan wi bànqaas biy saytu wàllu xibaar bi jëm ci ñoom ;
- Tee téeréb diisoo yeek ñaxtu yi ;
- Giiral boole ci itam denc këyit yi.

## TAXAWAL AB JUMTUWAAYU XARALA NGIR YOMBAL LAAJUB JOT XIBAAR

**<u>Sabab bi</u> : Laaj ngir jot ci xibaar bi jëm ci tolluwaayu nafa gi ñu jagleel sa njawriñ gi**

**Jawriñ ji,**

Ci bataaxal bii ñoo ngi sàkku ci sa mbaax gu kowe nga jàppandal ñu xibaar bi jëm ci **tolluwaayu nafa gi nattal sa njawriñ gi ci atum 2026 ngir nga mën a amal say doxalin**…

Bii laaj da ñu ko sàmp mu dëppoo ag **àtte n° 2025-15 bu 04 fan ci weeru sartu-mbar jëm ci jot jot xibaar** rawatina **ci dogi 1, 13 ak 14 bu àtte n°2025-15,** yiy leeral ne nit njaay yeek jëmmi mbooloo yi am nañ sañ-sañu jot ci xibaar yi ci way-tënku yi jaare ko ci ab laaj bu ñu bind.

Ca dëgg-dëgg, doxalin wi fii ci Senegaal mi ngi jaankonteeg ay nattu yu bare yu mu war a teggi, bokk na ci yile nattu ñàkk koppor yu doy ak itam ñàkk a am xibaar yu leer ci ni ñuy fas yéenee doxal nafag nguur gi ci at mi ba ci Senegaal àndee ci atum 20... ba tey jii. Gannaaw sa njawriñ gi am nay liggéey ci doxalin wi, jàppees na la ne ab **“way-tënku” ci ni ko dog 5 bu àtte n° 2025-15 bu 04 ci weeru sartu-mbar ci atum 2025**.
Xibaar bi nuy laaj bokkul ci seppi yi àtte bi lim. **Ci këyit yi ñu mën a siiwal la bokk**, ci ni ko àtte bi taxawalee ci dog 4 wi jëm ci **xibaar yi ñ yiir malaanum kumpa** ñeel nafa gi.
Jot xibaar mbir la mu am solo ci doxalin wi ndax da na tax jëfkat yi xam ne mën na ñoo àddu waaye itam mën na ñoo fésal seen yéene ngir atum 2026.
Ñoo ngi lay ñaan nga jàppandalal ñu xibaar yi fii ci sunu kër gi nekk ci G60 Mamelles Aviation, ngir moytul ñu bépp xeetu deppãs ñu ngi lay ñaan nga yónnee ñu ko ci xarala bii : senegal.westafrica@article19.org.
ARTICLE 19 ag kurél la gu ajuwul ci benn góornama nguy siiwal péexte maxejj yi ci wax seen xalaat ak jot xibaar. Lu mat fukki at a ngi nii ARTICLE 19 di xeex ngir taxawal yorin wu ubbeeku fii ci Senegaal.

Di xaaraandi tont bu ñu am yaakaar, ñoo ngi lay ñaan, yaw Jawriñ ji, nga nangul ñu suñu kersa ag yëg-yëg yi ñu am ci yaw.

## SIIWAL XIBAAR YI ÑU LAAJ CI DIIR BI ÑU KO LAAJEE

Àtte bi leeral na tontu bi war ci bépp laaj bu jëm ci jot xibaar ak diir bi ci war ngir xool laaj bi. Ci fann bu nekk, ci diir yii la way-tënku bi war a def liggéeyam :

- **Xibaar bi jàppandal na te jotees na ci**
  - **Àpp bi : tontu ci saa si**
- Siiwal gi day soxla ab tegtal mbaa ag cëslaay gu feggu
  - **Àpp bi : juróom - ñetti (8) fan**
- Aji-tënku ji daa soxla diir bu ëpp juróom- ñetti fan yi ngir saytu xibaar bi. Wareef la ci moom mu yëgal ko dagaankat bi laataa dirrub juróom- ñetti fan yee jeex.
  - **Àpp bu gën a gudd : fukki fan ak juróom**
- Aji-tënku ji amul xibaar bi te war ko jallale ci beneen naataangoom bu mu jàpp ne yor na ko.

- **Àppub jallale xibaar bi : juróomi fan**

## Ci wan waxtu lañ mën a jàpp ne ki laaj xibaar bi jot na ci ak ci gan njëg ?

- Sunu sukkandikoo ci àtte bi, ci dog 22 wi, jot ci xibaar **laajul fey dara.** Amul genn njëg goo war a fey moo xam ngay joxe mbaa nga jot xibaar. Waaye, bu mu la bett ñu laaj tuuti xaalis bu mën a jëm ci yii :
  - Ful ay këyit
  - Jallaleg xibaar bi. Su fekkee aji-tënku ji daa war a fey post wàlla ku ko ko yóbbul.
- Mënees naa jàpp ne ki soxla xibaar bi jot na ci su fekkee :
  - Dagaankat bi jot na xibaar bi mbaa mu mën koo xool fa ko aji-tënku ji dala.
  - Aji-tënku ji yónnee xibaar bi dagaankat bi moo xam mu teg ci loxoom mbaa mu jaarale ko ci xarala.
  - Way-tënku bi siwwal na xibaar bi ci bologam, dalu internetam mbaa bépp xeetu xarala bu bees ba noppi xamal ko dagaankat bi.

### Ndax way-tënku bi mën naa bañ ab laaj bu jëm ci jot xibaar ?

Waaw, lu mën a nekk la.

**Waaye àtte bi ci dog 26 wi, wax na ne wareef la ci way-tënku bi mu siiwal li waral mu bañ mbaa mu delloo laaj bi. Soo bañee ci sa teeyu bakkan mën na laa jural ay daan. Àtte bi wax na itam ne su tooge ba diirub fukki fan yeek juróom jeex te jotul benn tontu, dagaankat bi mën naa jàpp ne laajam bi dàq nañ ko .**

**Naka la nguur gi di aaree sañ-sañu jot ci xibaar ? Ngir mën ko, lii moo gën a fés ci li àtte bi tëral :**

(1) Taxawal ag kurél guy saytu mbirum jot xibaar

(2) Dabaatal yi su fekke laaj bi ngi jot xibaar dañ koo dàq

(3) Jëfe daan yi

## 7. KURÈL GI ÑU DÉNK WÀLLU JOTEEFU XIBAAR

Àtte bi, **ci dog 27 wi**, fas na yéene taxawal kurélu réew mi te ñu sas ko muy siiwal aka aar sañ-sañu jotub xibaar.

### LAN LA ÑU SAS KURÉL GI ?

Ngir siiwal ak aar sañ-sañu jotub xibaar, àtte bi teg na kurél gi juróom-ñaari sas yuy tax mu mën a :

- Tàggat aka so ñaax way-tënku yeek maxejj yi ngir gën a ñoŋal jëfeg àtte bi
- Luññutu, jox way-tënku yi ay tegtal aki sàntaane ngir gën a ñoŋal jotub xibaar ak tontu laaj yi
- Jot dabaatali maxejj yi, jox  way-tënku say xalaat aki ndénkaane
- Wax say xalaat ci coppite yi ngir ñoŋal àtteb jotub xibaar te itam di am ay téere at mu ne.

### KAN MOO MAN A BOKK CI KURÉLU RÉEW MI ÑU DÉNK WÀALLUM JOTUB XIBAAR ?

Suñu sukkandikoo ci àtte bi, **ci dog 28 wi**,  kurél gi fukki aji-bokk ak ñaar la am. Njiitu Repiblig bi moo leen di tabb gannaaw ba leen seeni bànqaas tànnee. Atte bi lim na bànqaas yiy tànn seeni ndaw :

- Njiitu Repiblig bi : kilia gu ko neex
- Péncum Ndawi réew mi : ndaw lu ko teewal
- Kilifag jawriñ yi : ndaw lu ko teewal

- Kiy rattaxal digante yi ci Repiblig bi : ndaw lu ko teewal
- Njawriñug yoon : ab àttekat
- Njawriñug njàng mu kowe mi : kuy saytu sàqi téere yi
- Kurél yi dajale boroom këri koom yi : ndaw lu ko teewal
- Kuréli jaambur yiy yëngu ci bànqaas bi jotub xibaar soxal : ñaari ndaw a leen i teewal
- Njawriñug jokko bi : ndaw lu ko teewal
- Kurél giy saytu xibaar yi ñeel jaambur : ndaw lu ko teewal
- Njawriñug yoonalug doxalinu nguur gi : ndaw lu ko teewal

**Ay laaj yu am solo :**

### 1. 1. Ci yan anam la bànqaasam mën a waxee ne kii bokk na CONAI ?

waaw, Njiit li ak ñi ci kuréel gi da ñu war a matal ponk yi yoon sàkku : (i) nekk doomu réewu Senegaal - (2) am njariñ ak jaar-jaar (3) nekk ku jub (4) nekk ku ñu xañul ay sañ-sañam ci askan wi ak ci làngug politig gi jaaree ci ndogal gu jóge ci yoon (5) mën a sàmm kàddu yiy tukkee ci barabu liggéey, sutura ak kumpa ak sàrti CONAI yi bés bu ñu la tabbee.

### 2. 2. Ndax sa bànqaas tànn la doŋŋ doy na ngir bokk ci CONAI ?

Déedéet, gannaaw ba la sa bànqaas tànnee, Njiitu Repiblig bi moo lay di tabb.

### 3. Ku nar a jiite CONAI ?

Yoon wax na ni Njiitu réew mi moo war a tàbb njiitu CONAI. Kookii war na matal ponk yi ñu sàkku ci képp ku bokk kuréel gi.

### 4. Jigéen ñi ak ndaw ñi ndax dina ñu am ku leen di teewal ca ña bokk CONAI ?

Yoon sàkkuwu ko. Terewul, dina am solo lool ñu jëmmal tolloo góor ak jigéen ci ni ñuy doxalee tànneef gi ak tabb bi.

### 5. Ñi bokk CONAI ndax mënees na leen a wuutu ?

Waaw. Aj-bokk ci kuréel gi dañu leen di tabb ci diirub ñetti at, ñu mën ko yeesal benn yoon. Yoon bàyyi na xel ne Mën na ñu leen a wuutu laata àpp gi di mat ci yenn fànn yi.

### 6. Ndax CONAI di na am ci sunuy diwaan ?

waaw. Mën na nekk. Bàyyi na ñu xel CONAI mën a am ay ndaw yuy jottali ci diwaan yi walla tabb ñu ko teewal ci biir diwaan yi.

## DOXALIN AK KOPPORU KURÉL GII DI « CONAI »

Kurél gii di CONAI tàmbaleegul doxal. Bés bu tàmbalee di na am ay bànqaas ak ay koppor yi mu soxla ngir liggéey.

- Ci njiitu kilifa gi, kurél gi di na taxawal yii bànqaas ngir mën a doxal liggéeyam ci ni mu waree :
  - Ndajem aji-bokk yi
  - Néegu Fara giy dëkkee Caytu kurél gi
  - Ndajem diisoo bi
- Gannaaw njiitu kurél gii di CONAI, Njiitu réew mi mooy tabb kilifag néegu fara caytu giy jiite serwiis yi nekk ci bànqaasam yi.
- Nguur gi di na jox kurél gi ay boroomi ndombo tànk aki liggéeykatam ngir ñu doxal bànqaas yi ñu taxawal ci ni mu waree. Kurél gi man naa jël yeneeni liggéeykat te dëppoo ak yoon.
- Kurél gii di CONAI mi ngi tëg ab sàrt bu ñeel doxalinam ak warteefam ñeel liggéeykatam yépp. Njiit li itam mi ngi bind ab téere ci wàllu doxalinu caytu gi ak yorinu liggéeykat yi ngir ñi koy xëyal.
- Bépp dagaankat bu ñu bañal ab laajam ngi jot ci xibaar mën naa dabaatalu ci kurél gii di CONAI. Ubbil na itam ay buntam bépp maxejj bu digle ci lépp lu ci jotub xibaar.
- Aji-bokk yi ci kurél gi war na ñoo daje seen biir lu mu gatt gatt benn yoon ci weer wi. Ndaje yeek dogal (xalaat, dgle jëme ko ci ndaje mi) yi ci tukkee kii di néegu fara giy sax ci caytu kurél gi moo leen di toppato.
- Kurél gi ittéwoo na ay jumtuwaay ngir amal liggéeyam. Koppor yi mu soxla ci nafag nguur gi lay jóge. Kurél yoon mey na ko itam muy jot ay ndimbal yu jóge ci yeneeni kurél.

## 8. DABAATAL YIY XEEX BAÑ WÀLLA DÀQUB LAAJ BU JËM CI JOTUB XIBAAR

Dagaankat bi ñu gàntal ab laajam ngir jot ci xibaar bi mën naa def ab tawat ci kanamu caytu gi (jaare ko ci kurél gi mbaa ci Caytu gi) wàlla ci kanamu yoon (dabaatalub yoon). Ngir def ab tawat mën naa :

- Jaare ci kurél ngir sàkku xalaatam ;
- Jaare ci way-tënku bi mbaa ci kilifaam ngir mu xoolaat dogal bi mu jël bañ mbba dàq laaj bi;
- Jaare ko ci yoon. Àtte bi ci dog 29 wi, mey na dagaankat bi ñu gàntal mu laaj kurél gi xalaatam. Lu mën a nekk la.

## TAWAT JAAREE KO CI KURÉL GII DI CONAI NGIR SÀKKU XALAATAM

Dog 29u àtte bi mey na bépp dagaankatu xibaar bu ñu gàntal laaj kurél gi xalaatam. Ab laaj àntuwul su fekkee da dañ koo dàq, dañ koo bañ mbba diir bi dagaankat bi waree jot tontoom wees na.

### NAKA LA ÑUY DEFEE TAWAT BI JAARE KO CI KURÉL GI ?

Ngir tawat bi jaar ci kurél gii di CONAI dagaankat bi day bind bataaxal njiit li mbaa mu yónnee ko ko ci bépp xeetu xarala bu ko yoon mey.

### Lan la ñu mën a xaar gannaaw ba tawat bi jaaree ci kurél gi ?

- Kurél gii di CONAI daa war a saytu bataaxal yi mu jot yépp ngir mën cee àddu. Xalaatu kurél gi daf a war a am lu ko sabab. Mën naa sànt way-tënku bi mu jox dagaankat bi xibaar bi mu ittéwoo mbaa mu dëggal dogalam bi.
  - Diir bi : Ci **fukki fan ak juróom (15)** su dara xewul, **juróom-ñetti (8)** fan su fekkee ne dafa jàmp te dagaankat bi firndéel ko.
- Kurél gii di CONAI mën naa amal ay gëstu wàlla ay luññutu. Ci noonu daa war a yëgal bànqaasu nguur gi mu soxal.

- Kurél gii di CONAI mën naa artu bànqaasi nguur gi mu soxal ngir ñu dëppoo ak li yoon wax.
- Kurél gii di CONAI wareef la mu yëgal dagaankat beek way-tënku bi dogal bim jël. Ndogal yi tukkee ci kurél gi dees leen di jëfe ci ni mu waree gannaaw bam leen fésalee mbaa yeggee leen ña ko soxla.
  - Diir bi : Ci **juróom-ñaari bési** liggéey gannaaw dogal bi.
- Kurél gii di CONAI mën naa yóbbu mbir mi ci kanamu àttekatu nguur gi su gisee ay mbir yu mu jàppee ay jalgati. Su amee, **kurél gi di CONAI** mën naa xelal kilifa gi ko féeye kow mbaa ci gi mu jokku mu tàmbali ay daani jubbanti wàlla bépp xeetu jumtuwaay bu ko Caytu gi mey.

## Ndax kurél gi am nay matuwaay ngir fexe ba ñépp dëppoo ak dogalam yi ?

Kurél gii di CONAI am nay matuwaay yuy tax mën a ga way-tënku bi su dëppoowul ag dogalam yi. Waaye, ci lu jëm ci wàllu yoon ak warlu gi leen tënk, way-tënku yi wareef la ci ñoom ñu nàngu dogali kurél gi gannaw ba mu leen siiwalee mbaa mu yëgal leen ko.

SEETLU : **Dabaatal bi jaar ci CONAI wareef la bu jiitu bépp dabaatalu coow. Loolu day tekki ne amul benn dabaatal ci kanamu yoon bu jëm ci dàq mbaa bañ bu aji-tënku ji mën a def ci kanamu yoon su dagaankat bi jëkkewul woon ci kurél gi.**

Te sax lu jëm ci ubbéekug dagaankat bi, jaar ci kurél gi **(CONAI),** ab laaj la bu mujjul fenn.

## DABAATAL JAARE KO CI BIIR

Àtte bi sóoraalewul bile xeetu dabaatal, li mu wax mooy jaare ko ci kurél gi (CONAI) nga xam ne mooy bànqaasu caytu gi war a aar sañ-sañu jotub xibaar.

Waaye dagaankat bi mën naa taamu jaaarale dabaatal bi ci kurél gi mu soxal. Ab dabaatal la bu jaar ci kilifa gi jël dogal bi te mu jokk ci moom. Dabaatal bii ci kilifa gi lay jaar ndax moo jël dogal bi ñuy tawat ngir ñu seetaat ko. Kilifa gi gën a kowe gi jël dogal la ñu koy yónnee ngir benn sabab bi.

Dagaankat bi mën naa yónnee tawatam bi kii di way-tënku bi gàntal laajam bi ngir mu saytuwaat lu waral mu dàq walla mu bañal ko ko te jox ko bile yoon xibaar bu mu ittéwoo. Su amul tont li muy xaar mën naa dabaatalu ci kilifa gi gën a kowe walla ci gi way-tënku bi jokku ngir mu wax ko mu jàppandalal ko xibaar bi mu ittéwoo

## DABAATALU YOON WALLA DABAATAL CI KANAMU YOON

Su dagaankat bi jaare ci kurél gi (**CONAI)** te amul lu ko neex, mën naa **dabaatalu ci kanamu yoon** su yóbboo tawatam bi ci àttekat bi. Ngir loolu am, dafay jaare ci néegu jubbanti caytu bi ci Ëtt bu mag bu. Diir bi ngir jaar ci àttekat yi ci néegu jubbanti caytu gi du faral di weesu ñaari weer gannaaw ba mu yëgee dogal bi mu àndul.

## 9. DAAN YIY XAAR KU JALGATI YOON

**Dog 30u** àtte bi leeral na ñaari anam yiy jur ay daan ci yoon :

- Ki bañ mbaa mu gàllankoor ciy teyeefam jot am mbir ci xibaar bi ñu mën a siwaal.
  - Daan bi : alamaan bu toll ci diggante 500 000 jàpp 10 000 000 F CFA
- Ki jot am mbir ci xibaar bi ñu mënul a siwaal.
  - Daan bi : Ab jalgati la bob ku ko def yoon alamaan la lu toll ci diggante 500 000 jàpp 10 000 000 F CFA

Ci ñaari fann yépp, toppees na jëmmu mbooloo ji (ji mu soxal) ci kanamu yoon.

SEETLU : **Daan yi àtte bi tudd ci ñaareelu pàcc bi mën naa tax a bañ a joxe xibaar bi ngir moytu ay coow mbaa jafe-jafe yi mu koy jural su ñi way-tënku bi yabal jàppee ne wóoru leen ndax xibaar bi siiwalees na ko walla déet.**

## C. *Tëjte*

Àtte n° 2025-15 bi jëm ci jotub xibaar ci réewum Senegaal doon na ab jéegoo bu solo ci demokaraasi bi, leeraange gi ak itam ci jubal doxalinu yëfi mbooloo. Gannaaw bi mu meye sañ-sañ bépp maxejj, muy ki dëkk ci réew mi mbba jëmmu mbooloo bu nekk ci dénd bi, mu jot ci xibaar yi ci campeefi réew mi ak yeen ci bànqaas yi ñeel jaambur yi, àtte bi ay coppite yu xóot la àndi ci jokko bi diggante askan week caytu gi.

Bile téere ab tënk la bu leer te jàppandal buy tax doomu Senegaal bu ne, moo xam fu njàgam toll, mu xam ay àqam te xam itam bu baax fi muy jaar ngir : sàmp ab laaj bu mu bind mbaa mu wax ko ci gémmiñam, ci ab àpp bu gën a sore di fukki fan ak juróom, jot ci xibaar bi te du fey dara, mën a diiŋat gàntal gi ci kurélu réew giy caytu wallum jotub xibaar (CONAI), ag ci kanamu yoon bu ca jógee.

Gannaaw jaarin yi, àtte bi teg na ak jumtuwaay yu am doole ngir xeex ger, ag it ngir maxejj yépp gis ci seen bopp, di aar àqi doomi aadma yeek suqalikug koom gi jaare ko fexe ba bépp xibaar bu soxal askan wi jàppandal. Taxawalug kurél gi (CONAI), jiitu ci siiwal ay xibaar ak daan yi yoon teg dana gën a tax ñuy jëfe àtte bi.

Li des rekk mooy njariñu àtte mi ngi aju ci mën koo doxal ci ni mu waree : falug aji-bokk yi, taggat liggéeykat yi, ñaax maxejj yi ak txawaayu way-politig yi ngir doxal dogal yi. Kon téere

bi doonul rekk tënkub yoon : jumtukaay la buy tinki maxejj yi. Gannaaw ba mu ko siiwalee ba ñépp jot ci, ARTICLE 19 aki ñoñam a ngi bokk ci ñiy tabax ag Senegaal gu gën a ubbéeku, guy toppaatoo askanam te di leen boolee ci lépp.

Naka noonu, ARTICLE 19 a ngi gërëm bu baax **Doxalug Mbootaayu Xeet gi ñeel suqalikug koom gi (PNUD)** ndax taxawaayam jaare ko ci **sémb bi di 3P4D –** ndimbal gu am solo gi tax ñu mën a bind, génne boole ci itam siiwal téere bii. Googu ndimbal moo waral tey àtte bi mën a génn ci sàqi téere yi ba askan wi jot ci def ko ci seeni poos ak seeni xel, ba maxejj bu ne mujjee doon ab jëfkat bu yeewu tey bàyyi xel lool yokkute réewam.